



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 50 MILYON DOLA POU DEKOUVÈT MEDIKAMAN PREKLINIK NAN "LAB OF THE FUTURE" NAN VIL NEW YORK**

***Otomatizasyon, entèlijans atifisyèl, ak aprantisaj machin pral fasilite dekouvèt medikaman pi vit, pi efikas ak pi efisyan pou konpayi syans lavi yo***

***Laboratwa pral ede ranvèse yon tandans ki dire depi plizyè deseni nan soutretans rechèch dekouvèt medikaman enpòtan epi amelyore kapasite ak posibilite nasyonal New York***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a etablisman yon 50 milyon dola pilòt ki se "Lab of the Future" (Laboratwa pou Lavni) nan Midtown Manhattan ki pral konte sou otomatizasyon, entèlijans atifisyèl, ak aprantisaj machin pou fè pwosesis dekouvèt medikaman prelinik lan pi rapid, plis baze sou done ak pi rantab. Se Deerfield Discovery and Development, yon filyal Deerfield Management Company ki pral devlope laboratwa a, epi pwojè a ap sipòte pa yon sibvansyon 25 milyon dola Empire State Development. Nouvo laboratwa a pral pèmèt Eta New York pwofite potansyèl komèsyal teknoloji avanse sa yo epi kontinye bati ekosistèm syans lavi eta a.

"Investisman sa a nan Lab of the Future Deerfield la pral ede eta nou an asire pozisyon li kòm yon sant pou kwasans, inovasyon, ak dekouvèt nan syans lavi epi ede ramne rechèch enpòtan sou medikaman nan Etazini", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rechèch klinik ki kapab sove lavi Deerfield la ak dekouvèt medikaman avanse yo pral alimante aktivite biznis, grandi ak ranfòse mendèv nou an, epi pote pwochèn jenerasyon medikaman an nan Eta New York. Sipò pou syans lavi yo enpòtan anpil pou konstwi yon ekonomi modèn, epi administrasyon mwen an rete angaje pou ranfòse endistri kle yo ak kreyatè travay ki pral fè New York avanse pou pi devan."

**Direktè Asosye Deerfield Management ak Fondatè Cure®, James Flynn, te deklare,** "Jodi a make yon gwo etap pou pi devan pou kominote syans lavi New York la, epi nou rekonesan anpil pou sipò Gouvènè Hochul ak Empire State Development. Lab of the Future espere pote nouvo kapasite teknolojik ak transfòmatif nan efò dekouvèt medikaman nan etap demaraj yo nan yon echèl san parèy. Nou eksite pa potansyèl inisyativ sa a pou pèmèt pwogrè syantifik siyifikatif ak alimante opòtinite ekonomik."

Laboratwa pilòt la pral okipe apeprè 6,000 pye kare nan kanpis inovasyon Cure® Deerfield la nan Vil New York. Yon eleman enpòtan nan laboratwa a se akimilasyon, sentèz ak analiz gwo kantite done rechèch syantifik ki pral sèvi kòm fondasyon yon baz done entèlijans atifisyèl k ap grandi ki nesèsè pou fasilite yon pwosesis dekouvèt medikaman ki pi efikas.

Sibvansyon 25 milyon ESD a pral sipòte depans pou devlope automatizasyon laboratwa, algorit pou konsepsyon prediktif medikaman, akizisyon talan, founiti syantifik, lojisyèl, ak depans fonksyonman inisyal yo. Lè yo fin konplete avèk siksè laboratwa a ak sibvansyon senkan, Deerfield pran angajman pou l repwodui sèvis sentèz, tès depistaj ak lojisyèl yo atravè yon konpayi konplè nan Eta New York. Laboratwa a sipoze finalman sèvi kòm yon resous dekouvèt medikaman pou gwo ak ti konpayi byofamasetik yo, ankouraje kwasans ekosistèm syans lavi New York la nan atire lòt konpayi syans lavi ki baze sou inovasyon, pandan y ap sipòte fòmasyon ak devlopman yon mendèv kalifye.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè ESD a, Hope Knight, te deklare,** "Lab of the Future pral pèmèt Eta New York pwofite potansyèl komèsyal otomatizasyon, entèlijans atifisyèl ak aprantisaj machin pou ranfòse ekosistèm syans lavi eta a, pandan y ap pote travay kalifye nan New York. Teknoloji inovan laboratwa a itilize a pral ede etabli plis lidèchip New York nan syans lavi."

Lab of the Future pral ede ramne travay dekouvèt medikal vital nan Etazini epi ranvèse yon ogmantasyon nan soutretans dekouvèt ak devlopman medikaman - prensipalman nan Lachin ak Lend - ki afekte posibilite ak kapasite nasyonal la. Enpak negatif soutretans lan te agrandi pandan pandemi COVID-19 la, lè yo te reyalize depandans sou peyi etranje pou sèvis ak kapasite dekouvèt medikaman esansyèl yo. Lè mou fè rechèch prematire pi efikas, Laboratwa a pral rann li pi abòdab tou, sa k ap katalize inovasyon nan endistri byofamasetik la.

Benefis ekonomik alontèm laboratwa a genyen ladan yo bay anpil nan sèvis rechèch ke konpayi byofamasetik yo bezwen pou idantifikasyon medikaman bonè epi efò devlopman epi yo pral byen pozisyon pou simonte ripti nan chèn ekipman pou. Anplis de sa, laboratwa a pral ofri avantaj bon jan kalite pwoteksyon pwopriyete entelektiyèl ki efikas pou ankouraje biznis nan eta a yo itilize etablisman sa a.

**Direktè Egzekitif Jenera Deerfield Discovery and Development lan, Michael Foley, Ph.D. te deklare,** "Lab of the Future ap chèche pèmèt efò dekouvèt medikaman ki pi rapid ak pi efikas atravè itilizasyon dènye avansman nan entèlijans atifisyèl, aprantisaj machin, ak wobotik. Investisman sa a ki soti nan Administrasyon Gouvènè Hochul ak Deerfield pral pèmèt tou etap enpòtan nan devlopman medikaman fèt Etazini, amelyore kapasite nou sou yon echèl mondyal, ansanm ak prezans New York nan mache sa a."

Sektè syans lavi yo anglobe domèn byoteknoloji, famasetik, teknoloji byomedikal, ak teknoloji sistèm lavi yo. Li gen ladan òganizasyon ak enstitisyon yo ki dedike majorite efò yo nan divès faz rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon yo.

Chak jou, konpayi nan sektè sa a ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, pandan y ap fè pwogrè enpòtan nan agrikilti ak byoteknoloji anviwònmanal ki ede ankouraje yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje investisman enpòtan nan sektè piblik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi travè New York.

Empire State Development te jwe yon wòl enpòtan nan kwasans jeneral ekosistèm syans lavi a ak nan ogmante pwofil Eta a kòm yon destinasyon investisman prensipal nan syans lavi a. Nan senk ane depi li te kòmanse, Inisyativ Syans lavi Eta New York la te kontribye dirèkteman nan bati sektè a nan plizyè fason: li te pwodwi 1.5 milya dola investisman anplis, ankouraje 17 nouvo konpayi syans lavi pou yo lokalize nan Eta New York, epi kreye plis pase 540 travay.

**Manm Asanble Harvey Epstein te deklare,** "Vil New York gen yon repitasyon pou inovasyon ki fè li tounen yon kay natirèl pou Lab of the Future. Amelyore ak akselere pwosesis dekouvèt medikaman gen avantaj evidan epi mwen espere pwogrè syantifik yo te fè nan laboratwa a, ki jwenn sipò investisman nou an, pral aksesib pou tout moun ki pral benefisye yo."

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

### **Konsènan Deerfield Management Company**

Deerfield se yon konpayi jesyon investisman ki angaje nan avanse swen sante atravè investisman, enfòmasyon ak filantropi. Konpayi an ap travay atravè ekosistèm swen sante a pou konekte moun, kapital, lide ak teknoloji nan fason solid, kolaboratif ak enklizif. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite [www.deerfield.com](http://www.deerfield.com).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)